

NEIGHBOR BRIGADE

Lè kriz frapé, nou la pou nou édé.



Si ou gen yon kriz tanporè ké w ap viv aktyèlman akoz kansè, yon aksidan, yon operasyon, yon difé, yon moun ki fèk mouri nan fanmi-ou, yon gwosès konpliké oswa lòt difikilte, Neighbor Brigade la pou édé w. Volontè nou yo kapab ba-w asistans tanporè epi gratis pou ede w géri epi rekipéré w.

Men kèk ekzanp nan sèvis gratis nou yo:



- Livrezon manje devan papòt kay-ou
- Minnin moun nan rendevou medikal ak/oswa nan makèt
- Ti travay menaje kay-ou
- Fè pwomnad ak chen epi bay ti swen ak bèt kay (peye pou manje ak lojman)

Si w ap viv nan yon vil koté nou gen yon Divizyon Neighbor Brigade, volontè lokal yo paré epi y ap tann pou yo édé w ansanm ak nenpòt manm nan fanmi ou. Nou ékzamine volontè nou yo avan nou chwazi yo épi yo souvan kapab reponn ou nan 48 èdtan. Pou ka konnen si gen yon Divizyon Neighbor Brigade tou prè w la, tanpri alé sou entènèt nou an oswa rele nou.

neighbor 
brigade

Gratis • Imedyatment • Disponib pou tout moun
1.855.241.HELP / 1.855.241.4357
www.neighborbrigade.org

Vwazen k ap édé vwazen.

Neighbor Brigade sé yon òganizasyon san bi likratif ki dedye pou édé moun ansanm ak fanmi ki gen yon trajedi sibat oswa yon maladi ki afekté lavi yo. Si w intéresé nan sipòte efò nou yo, tanpri fè yon don dediktib tax bay Neighbor Brigade.

Mande Èd



Èské w ap viv yon kriz tanporè épitou ou ka itilizé sipò atansyon vwazen ou- yo? Rélé oswa vizite sou entènèt nou an

pou wè si nou gen yon Divizyon nan kominité oswa nan vil ou a. Si nou gen youn, ou ka mande èd sou entènèt oswa pa telefòn. N ap mandé pou fè nou konnen omwen 48-èdtan alavans pou nou kapab satisfè demann yo. Sèvis gratis nou yo anjeneral diré ant yon mwa pou 3 mwa men yo ka pwolonjé.

Volontè



Ou intéresé nan sèvi kòm volontè? Neighbor Brigade bon pou nenpòt moun k ap chache yon eksperyans

anrichisan nan édé moun ki nan pwòp vil yo. Ou ka enskri pou édé yon fwa pa semèn oswa yon fwa chak ané; orè nou an fleksib épi pa gen okenn kondisyon pou konbyen fwa ou chwazi pou sèvi kòm volontè. Kèk nan opòtinite pou vin volontè ékzijé yon verifikasyon antesedan épi volontè ki nan laj 14-17 lané dwe gen pèmisyon ékri ki soti nan men yon gadyen pou yo ka sèvi poukont yo kòm volontè. Volontè yo dwé gen aksè ak yon òdinatè oswa smartphone. Pou enskri jodi a, ale sou entènèt nou an épi compli aplikasyon yo. Si Neighbor Brigade pa egziste nan vil ou a, tanpri pense kòmanse yon nouvo Divizyon pou nou ka poté sèvis enpòtan sa a bay moun ki nan nésésité koté w-ap viv la. Kontakté nou jodi-a sou zafè pou kòmanse yon nouvo Divizyon kote w-ap viv la!



Gratis • Imedyatment • Disponib pou tout moun
1.855.241.HELP / 1.855.241.4357
www.neighborbrigade.org